



Nozibèl ak twa cheve li yo

✍ Tessa Welch

👤 Wiehan de Jager

🗣 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

📊 3

💬 krèyol ayisyen ht



Nan tan lontan, twa ti fi tal chache bwa nan yon rakbwa.




Te fè cho anpil jou sa a kidonk timoun yo desann nan rivyè a pou yal benyen. Yo jwe, yo voye dlo yonn so lòt, yo naje, yo amize yo nan dlo an.



Briskeman, yo reyalize ke te kòmanse fè ta. Yo depeche yo tounen nan vilaj yo.



Lè yo prèske rive, Nozibèl pase men li nan kou li enpi li wè ke li te bliye chenn li! Li mande zanmi li yo “Tanpri tounen avè’m!”. Men zanmi yo reponn ke li te twò ta.



Se konsa Nozibèl tounen larivyè a pou kont li. Li jwenn chenn li enpi li kouri pou'l ale lakay li. Men li pèdi nan mitan wout lan paske te fè nwa anpil.



Pi Iwen, li wè yon ti limyè kap klere yon ajoupa. Li kouri nan direksyon an enpi li frape sou pòt la.



Li pa janm sezi konsa lè li wè se te yon chen ki louvri pòt la. Chen an mande'l "Ki sa ou bezwen?" Mwen pèdi sou wout mwen, mwen bezwen yon kote pou'm dòmi", "Antre oswa map mòde ou!" chen an di li. Se konsa, Nozibèl antre nan ajoupa a.



Après ça, elle lui dit "Donne-moi à manger!"
Nozibèl répond "Non, moi je ne mange pas
pour elle" "Donne-moi à manger!" . Se konsa,
Nozibèl donne à manger pour elle.



Après ça, le loup lui dit "Fais-moi un lit!"
Nozibèl répond, "Je ne fais pas de lit pour
toi." "Fais-moi un lit ou une robe!"
Seulement, Nozibèl fait un lit pour le loup.



Chak jou Nozibèl te gen pou'l kwit manje, pou'l bale, pou'l lave pou chen an. Yon jou, chen an di Nozibèl "Nozibèl, mwen gen pou'm al wè kèk zanmi. Bale kay la, kwit manje an enpi lave bagay yo anvan mwen tounen. "



Touswit kè chen an pati, Nozibèl pran twa cheve nan tèt li. Li mete yon grenn cheve anba kabann lan, yonn dèyè pòt la, ak yon nan chodyè a. Apre sa a, li kouri al lakay li.



Lè chen an tounen li chache Nozibèl “Nozibèl, ki kote ou ye?” “Mwen isit anba kabann lan,” premye cheve a reponn. “Mwen isit dèyè pòt la,” dezyèm cheve an reponn. “Mwen isit nan chodyè a” twazyèm cheve an reponn.



Lè sa a, chen an konprann ke Nozibèl tap pase'l nan tenten. Chen an pran kouri jis li rive nan vilaj la. Men, frè Nozibèl tap tann li ak gwo baton nan men yo. Chen an kase tèt tounen epi yo pa janm wè li ankò.



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Nozibèl ak twa cheve li yo

 Tessa Welch

 Wiehan de Jager

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

